



REPUBLIQUE D'HAÏTI

**MINISTÈRE DE LA SANTÉ PUBLIQUE
ET DE LA POPULATION**

No. BH-04-22 2941

Port-au-Prince, le 14 AVR. 2022

AVI

Ministère Sante Piblik ak Popilasyon (MSPP) ap fè tout moun konnen gen yon maladi po ki atrapan anpil ki sanble kou de gout dlo ak maladi gal, ki deja touche divès moun, anpil kote nan peyi a.

Ministè a ap mande tout moun ki ta genyen oswa santi siy ak sentòm sa yo : demanjezon, divès plak bouton sou po ak gratèl lè solèy kouche, pou yo ale san pèdi tan nan sant sante ki pi pre a pou jwenn swen ka yo neseseite.

MSPP ap ankouraje chak moun pran prekosyon sa yo pou evite maladi sa a rantrè sou yo:

1. Evite gen kontak dirèk ak moun ki deja enfekte ;
2. Tranpe nan dlo bouyi tou sa ki sou kabann nou kote n ap kouche epi dòmi ;
3. Dezenfekte rad, dra, zòrye, sèvyet nou itilize lè n ap benyen pou n siye kò nou ;
4. Kite pòt kay nou byen louvri pou lè ka sikile ;
5. Benyen ak fè twalèt nou ak dlo pwòp
6. Pa plede grate po nou menm si nou gen anvè fè sa.

Ministè Sante Piblik ak Popilasyon konte sou kolaborasyon nou tout epi li mande pou nou rete vijilan pou anpeche maladi atrapan sa a gaye nan peyi a.


Doktè Alex LARSEN
Minis

